

Travay Ozetazini

Travay Ozetazini enpòtan anpil Jwenn, genyen, ak kenbe yon travay enpòtan pou lavni ak byennèt fanmi ou. Se fason ki pi rapid pou vin endepandan epi li nesesè pou reyisi. Ou dwe parew pou ou chèche travay depi ou antre Ozetazini



Jwenn yon travay

Tout granmoun, gason ak fi, ki gen laj ant 18 ak 64 ane epi ki kapab travay, ta dwe pran jwenn yon travay tankou yon priorite. Asistans gouvènman an pap la pou toutan, kidonk li enpòtan pou w jwenn yon travay pi vit ke posib lè ou rive Ozetazini.



Gouvènman an pa garanti travay. Li ka pran plizyè semèn oswa mwa pou jwenn yon travay epi ou ka gen plizyè entèvyou.

Ou ta dwe kolabore ak moun kap edew jwenn travay la pou aprann kesyon entèvyou yo. Ou ta dwe aksepte premye travay yo ofri w la, menm si li pa peye anpil oswa li pa nan domèn ou, pou w ka konstwi yon istwa travay epi kòmanse sipòte fanmi ou. Siw pa pran travay yo ofriw yo, ou ka pèdi asistans gouvènman an. Souvan gen anpil moun k ap aplike pou menm travay la, kidonk li enpòtan pou ou pare pou aksepte yon travay nivo debaz nan yon nouvo domèn. Pou konstwi yon bon istwa travay, ou ta dwe rete nan travay la pou omwen sis mwa.

Kilti Travay Ozetazini

Ozetazini rekonèt kòm yon peyi ki gen anpil opòtinite pou moun ki travay di. Pou jwenn yon travay miyò ak ki peye plis, W ap bezwen pale, li, ak ekri anglè, epi ou ka bezwen aprann nouvo konpetans. Si ou te travay nan yon pwofesyon espesifik nan peyi ou, ou ka bezwen swiv klas epi jwenn yon sètifikasyon anvan ou kapab travay nan domèn sa a Ozetazini.

Gason ak fanm tou de travay Ozetazini. Fanm reprezante mwatye nan fòs travay la, yo fè menm travay ak gason nan tout nivo, epi souvan sipèvize travayè gason.



Ozetazini, timoun ki anviwon 14 an oswa plis ka travay nan travay patan, men yo ka limite nan kantite èdtan yo ka travay ak kalite travay yo ka fè. Anpil jèn Ozetazini travay patan apre lekòl, nan fen semèn, ak pandan vakans. Ozetazini gen lwa ki pwoteje jèn travayè yo.

Dwa ak Responsablite nan Travay

Ozetazini, anplwaye yo gen dwa ak responsablite nan travay. Ou gen dwa pou ou touche pou travay ou, epi lwa travay pwoteje travayè yo kont kondisyon travay ki danjere.

Yon patwon pa dwe fè diskriminasyon kont ou oswa refize ba ou yon travay oswa yon pwomosyon akòz laj ou, andikap ou, eta sivil ou, orijin etnik oswa nasyonal, ras, relijyon, oswa sèks ou. Sepandan, kèk travay, espesyalman nan gouvènman an, sèlman ouvè pou sitwayen Ameriken.

Travayè yo gen dwa travay nan yon anviwònman ki lib tou de diskriminasyon ak asèlman, tankou:

- Asèlman seksyèl (konpòtman seksyèl endezire ki fè yon moun santi l pa alèz oswa an danje)
- Asèlman rasyal oswa relijye
- Entimidasyon oswa mekanste
- La perèz pou pote plent pwoblèm oswa pou defann dwa ou

Kòm yon travayè ki touche salè Ozetazini, se responsablite ou pou peye taks sou revni chak ane pou ede sipòte pwogram ki bay sèvis pou tout moun k ap viv Ozetazini (pa egzanp, edikasyon, SNAP, Medicaid, ak wout piblik). Se responsablite ou pou peye taks gouvènman Federal ak Leta kote ou rete a. Ou ka jwenn òganizasyon lokal ki pa gen pwofi ki sètifye pa Sèvis revni entènal la ki bay sèvis volontye pou asiste biro tax , ki ka ede w ranpli taks ou chak ane.

Kesyon Yo poze anpil

Èske mwen pral jwenn èd pou jwenn yon travay?

Òganizasyon yo ka ede bay sèvis travay kote ou rete a, men ou menm ou pral gen yon wòl santral nan jwenn ak kenbe yon travay.

Ki jan de travay m ap genyen?

Premye travay ou a ka p ap nan menm pwofesyon oswa domèn ak travay ou te genyen nan peyi ou. Li ka yon travay nivo debaz, ki pa pwofesyonèl, epi li ka menm tanporè oswa patan. Paske pri lavi Ozetazini wo, li komen, epi souvan nesesè, pou gason ak fanm tou de travay deyò kay la.

Kijan m ap fè rive nan travay mwen?

Transpò piblik disponib nan pifò vil Ozetazini. Ou ka konte sou transpò piblik pou rive nan premye travay ou.

Konsènan Settle in

Settle In is your trusted source for reliable, responsive, and relevant, newcomer-friendly information about the United States. Available in multiple languages, Settle In's digital platforms offer essential resources, guidance, and multi-lingual support to help newcomers navigate life in the U.S.

Konsènan Switchboard

Switchboard se yon sant resous inik pou founisè sèvis pou refijye Ozetazini epi li ofri zouti, opòtinite aprantisaj ak asistans teknik sou sijè ki gen rapò ak relokalizasyon.

Switchboard jwenn finansman ORR epi se IRC ki egzekite l. Se Mercy Housing ki devlope materyèl sa yo.

IRC a te resevwa finansman konpetitif atravè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi, Sibvansyon #90RB0053. Fon Federal la finanse pwojè sa a 100% .

Kontni dokiman sa a se responsablite otè yo sèlman, li pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi.